

ETA FLORIDA

PLAN DAKSYON *pou* RETABLISMAN APRE KATASTWÒF



DEPATMAN OPÒTINITE
EKONOMIK FLORIDA

Yo te Soumèt bay Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) pou satisfè egzijans pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Retablisman Apre Katastwòf la (Community Development Block Grant-Disaster Recovery, CDBG-DR) pou efò retablisman apre Ouragan Irma a.

Modifikasyon Non-Sibstansyèl Nimewo 4			
#Paj Avàn an	Nouvo #Paj la	Seksyon	Chanjman/Adisyon/Efasman
PA APLI KAB	94-96	Egzijans Plan Daksyon Jeneral	Yo ajoute enfòmasyon konsènan Lwa sou Privilèj Konstriksyon Florid la ak politik DEO genyen sou peman obligasyon ak/oswa ranbousman yon privilèj konstriksyon ki legalman aplikab dapre lalwa onon mèt pwopriyete rezidansyèl la
104	105	Pwojè ak Aktivite	Yo efase “Yo ka tabli detèminasyon an baze sou kalkil ke pri reyabilitasyon an prèske menm valè oswa depase pri rekonstriksyon an” epi yo ajoute “Yon estrikti pa apwopriye pou reyabilitasyon si pri reparasyon an derezonab dapre nòm pwogram lan yo jan yo presize nan Direktiv Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman pou Lojman Inifamilyal yo ak Pwopriyete Alwe yo.”
PA APLI KAB	110 - 111	Pwojè ak Aktivite	Yo ajoute metodoloji pilòt pou chwazi aplikasyon Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an

7. Aktivite Enfrastrikti yo

DEO pral ankouraje soubenefisyè yo pou yo enkòpore mezi atenyasyon yo nan aktivite rekonstriksyon yo gras a opòtinite y ap ofri pou rantabilize finansman Pwogram Sibvansyon Atenyasyon Danje a (HMGP) ak finansman pou atenyasyon Asistans Piblik (PA) pou pwojè ki elijib pou pwogram CDBG-DR yo. Gras a opòtinite y ap ofri pou rantabilize resous atenyasyon yo epi priyore pwojè elijib ki fè pati estrateji atenyasyon lokal yo, plan amelyorasyon kapital ak lòt plan rejyonal yo toupatou onivo konte a, DEO pral ankouraje avansman rezistans alontèm kont danje natirèl yo epi asire ke benefisyè sibvansyon yo aliyen envestisman y ap fè yo ak lòt pwojè amelyorasyon kapital lokal yo ansanm ak plan retablisman ak atenyasyon apre katastwòf onivo lokal ak rejyonal yo.

DEO pral ankouraje soubenefisyè yo pou yo konsidere pri ak avantaj pwojè a lè y ap chwazi pwojè ki elijib pou CDBG-DR yo. Y ap rive atenn sa lè yo ankouraje soubenefisyè yo fè yon oto-evalyasyon chak pwojè yo pwopoze epi chwazi pwojè (yo) k ap gen pi gran efè anndan limit kantite lajan sibvansyon ki gen nan bidjè a.

Tout pwojè yo pwopoze bay DEO yo pral sibi revizyon Pwomouvwa Lojman Ekitab nan Fason Favorab la (Affirmatively Furthering Fair Housing, AFFH) avan yo apwouve yo. Revizyon sa a pral gen ladan yon evalyasyon demografik, karakteristik sosyo-ekonomik, danje oswa enkyetid anviwònmanal yo ak lòt faktè materyèl zòn pwojè yo pwopoze a nan kad detèminasyon AFFH la. Aplikasyon yo dwe montre ke li pwobab pou pwojè yo redui konsantrasyon rasyal, etnik, ak revni fèb zòn lan, ak/oswa pwomouvwa lojman abòdab nan zòn non-minorité ki gen revni fèb yo nan kad repons a efè ki gen rapò ak danje katastwòf natirèl yo. Pandan faz reyalizasyon an, chak pwogram pral sou kontwòl DEO, epi y ap fè analiz adisyonèl pandan dire reyalizasyon pwogram lan pou asire nou sèvi tout klas pwoteje yo kòm sadwa. Tout soubenefisyè yo pral sètifye ke yo pral pwomouvwa lojman ekitab nan fason favorab nan akò sibvansyon yo a.

DEO pral depann de enjenyè pwofesyonèl ke soubenefisyè yo pral chache jwenn yo, pou itilize teknoloji adaptab ak fyab pou pwoteje enfrastrikti a pou l pa demode avan lè l epi asire ke konstriksyon oswa reyabilitasyon sistèm jesyon dlo lapli nan zòn inondab yo pral atenye risk inondasyon alavni.

8. Rantabilize Fon yo

DEO pral ankouraje soubenefisyè yo pou rantabilize fon CDBG-DR avèk finansman lòt sous federal, eta, lokal, prive, ak òganizasyon san bi likratif yo pou itilize fon limite CDBG-DR yo. Yo pral espesifikman ankouraje sa a pou pwogram reyachte kay nan men mèt kay yo ansanm ak pwogram enfrastrikti yo. Lè nou ankouraje gouvènman lokal pou yo itilize CDBG-DR kòm yon fon korespondan pou Pwogram Sibvansyon pou Atenyasyon Danje ak pwogram Atenyasyon Asistans Piblik FEMA a, kominote yo pral kapab pi byen itilize toude sous finansman sa yo paske souvan gouvènman lokal yo pa an mezi pou yo koresponn ak pwogram HMGP ak PA yo epi finansman CDBG-DR a ka fè plis si finansman p ap konplètman finanse pwojè a. DEO pral fè rapò sou fon yo rantabilize nan sistèm DRGR a. Lè y ap rantabilize fon yo, konfòmman ak Lwa Robert T. Stafford la, jan yo modifye l la, eta a pral reyalize politik ak pwosedi pou asire pa gen okenn moun k ap resevwa avantaj doub pou menm objektif ak/oswa efè pou yo retabli apre dega Ouragan Irma.

9. Pwoteksyon pou Moun ak Pwopriyete; Metòd Konstriksyon yo

Y ap elabore asistans lojman yo ofri nan kad pwogram retablisman apre katastwòf DEO a avèk konsantrasyon sou bon jan kalite metòd ak materyèl konstriksyon dirab, ekolojik, epi ki itilize enèji nan fason efikas.

Sa ap gen ladan nòm minimòm ki annapre yo:

- Y ap baze nòm konstriksyon yo sou Kòd Konstriksyon Florid la epi yo dwe satisfè oswa depase egzijans aplikab yo.
- Konstriksyon yo pral konfòm a Nòm Konstriksyon Ekolojik la pou tout nouvo konstriksyon bilding rezidansyèl ak pou tout ranplasman bilding rezidansyèl ki te sibi anpil domaj yo (sa vle di, kote pri reparasyon yo depanse 50 pousan pri ranplasman an) dapre Kowalisyon Bilding Ekolojik Florid la.
- Pou konstriksyon reyabilitasyon yo, eta a pral swiv Lis Verifikasyon Reyamenajman Bilding Ekolojik la nan mezi li aplikab pou travay reyabilitasyon y ap atreprann yo, ki gen ladan itilizasyon pwodui ki rezistan a mwazisi lè y ap ranplase sifas tankou mi plak yo. Lè yo ranplase pwodui ansyen oswa demode yo nan kad travay reyabilitasyon yo, yo egzije reyabilitasyon an itilize pwodui ki gen etikèt ENERGY STAR, etikèt WaterSense, oswa pwodui ak aparèy elektwonenaje Pwogram Jesyon Enèji Federal la deziyen (Federal Energy Management Program, FEMP), oswa lòt pwodui ekivalan.

DEO pral tabli nòm ki konfòm pou konstriksyon yo. Yo pral kalifye kontraktè konstriksyon yo pa mwayen yon envitasyon pou patisipe nan pwosesis òf la. Pou asire gen konkirans konplè ak ouvè, pa mwayen yon envitasyon pou patisipe nan pwosesis òf la, y ap swiv direktiv 24 CFR 570.489(g) yo ominimòm. Kontraktè yo pral konfòm a seksyon 3 nan Lwa sou Lojman ak Devlopman Iben 1968 la (12. U.S.C. 1700lu), epi fè respekte règleman yo ki nan 24 CFR pati 153. Kontraktè yo chwazi sou kontwòl DEO yo pral asire ke moun ki gen revni fèb ak revni trè fèb yo - kote y ap espesyalman dirije opòtinite anvè rezidan ak biznis lokal ki satisfè egzijans kalifikasyon pou pwojè a. Kontraktè yo pral fè tout efò posib pou yo rekrute, sible, ak dirije opòtinite anvè rezidan ak biznis Seksyon 3 yo ansanm ak enfòmè rezidan seksyon 3 yo de opòtinite fòmasyon ki disponib yo. DEO pral bay Kontraktè yo resous itil pou maksimize efò sa yo, ki gen ladan men pa sèlman, yon Rejis Biznis Seksyon 3, ak egzanz opòtinite fòmasyon ak travay ki disponib yo. Pwosedi pou chache jwenn Kontraktè yo ap sou kontwòl DEO.

Kontraktè yo, kontraktè soutretans yo, founisè materyèl yo, travayè ak pwofesyonèl yo gen dwa pou yo fè respekte reklamasyon pou peman travay, materyèl ak/oswa sèvis yo kont pwopriete imobilye yo amelyore a dapre lwa Florid la (Chapit 713, Pati I Lwa Florid yo) Yo rele reklamasyon sa a yon privilèj konstriksyon epi yo pa ka bay egzansyon alavans dapre lwa Florid la. Si yon privilèj konstriksyon ki legalman aplikab dapre lalwa rive kont rezidans prensipal yon aplikan akoz nenpòt pwojè konstriksyon nan kad pwogram retablisman apre katastwòf DEO a, Depatman an pral responsab pou libere ak satisfè privilèj konstriksyon ki legalman aplikab dapre lalwa a pa mwayen obligasyon ak/oswa ranbousman privilèj la onon mèt pwopriete a.

DEO pral ofri yon mekanis pou mèt kay yo fè apèl rekou sou kalite travay reyabilitasyon an. DEO pral egzije yon peryòd garanti apre konstriksyon an pou lojman ki gen yon kontraktè k ap fè tout travay yo garanti pou yon peryòd ennan. Y ap enprime enfòmasyon sou dwa pleyan yo ak fason pou yo depoze yon plent oswa fè apèl rekou konsènan kalite travay la sou tout aplikasyon ak/oswa direktiv pwogram lan yo. Y ap konsève dokiman chak plent sou dosye yo epi konsiltan DEO yo pral reponn a plent yo ak apèl yo nan yon delè apwopriye, oswa nan yon delè 15 jou, nan mezi sa pratik. Konsiltan DEO yo pral responsab pou yo fè swivi sou plent konsènan kalite konstriksyon yo. Yo pral verifiye apèl rekou sou kalite konstriksyon yo pa mwayen enspeksyon epi y ap sou kontwòl DEO.

Jan yo preskri nan Rejis Federal la, yo entèdi itilize fon CDBG-DR yo pou agrandi baraj oswa yon dig odela anprent orijinal estrikti ki te egziste avan evènman katastwòf la. DEO pral asire ke si soubenefisyè yo itilize fon CDBG-DR yo pou dig ak baraj yo, soubenefisyè yo pral (1) anrejistre ak mentni enfòmasyon konsènan estrikti sa yo nan Baz Done Nasyonal Dig Kò Enjenyèr Ameirikèn lan, oswa nan Envantè Nasyonal Dig yo, (2) Asire ke yo aksepte estrikti sa a

nan Pwogram PL 84–99 Kò Enjenyè Lame Amerikèn lan (Pwogram Reyabilitasyon ak Amelyorasyon Dig la), epi (3) asire estrikti a gen akreditasyon dapre Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal FEMA a. DEO pral telechaje lokalite egzak estrikti aak zòn estrikti a sèvi ak pwoteje a nan sistèm DRGR la epi mentni dokimantasyon dosye k ap demontre ke benefisyè sibvansyon an te mennen yon evalyasyon risk avan yo finanse estrikti kontwòl inondasyon an, epi ke investisman an ap gen ladan mezi rediksyon risk yo.

10. Revni Pwogram lan

Eta a antisipe ke yo ka jenere revni nan pwogram lan kòm eleman aktivite y ap pèmèt nan kad atribisyon sa a. Si yo ta jenere nenpòt fon, y ap itilize rekiperasyon fon yo ki gen ladan revni pwogram lan, ranbousman, ak rabè yo avan yo preleve plis fon CDBG-DR. Y ap anrejistre epi siveye kantite fon sa yo nan sistèm kontab eta a epi anrejistre yo nan sistèm DRGR la. Sistèm DRGR la egzije benefisyè sibvansyon yo itilize revni pwogram lan avan yo preleve plis fon sibvansyon, epi asire ke revni pwogram ke lè yo retni youn sa p ap afekte demann prelèyman sibvansyon yo pou lòt benefisyè yo. Y ap egzije soubenefisyè yo fè rapò sou revni pwogram lan chak twa mwa epi y ap sijè a règ, règleman ak gid HUD aplikab yo. Retansyon revni pwogram lan pral konfòm ak akò sou-sibvansyon yo.

11. Kontwòl Nòm ak Pwosedi yo

Eta a te adopte nòm kontwòl yo, ki gen ladan (i) asire yo satisfè egzijans pwogram lan (ki gen ladan asire pa gen avantaj doub), epi (ii) kontinye ofri kontwòl kalite epi sipèvize pwogram lan kòmsadwa. Nòm ak pwosedi sa yo fè pati Plan Reyalizasyon avan yo atribiye sibvansyon an jan Rejis Federal la preskri. DEO ap reyalize kontwòl la gras a sipò yon vandè ekstèn y ap chache jwenn pa mwayen demann konpetitif pou asire ke aktivite pwogram yo pwogrese anvè finisman nan yon delè apwopriye epi pou pèmèt idantifikasyon preyalab kesyon ak pwoblèm potansyèl yo pou yo ka prevni yo oswa korije yo.

Kontwòl yo pral gen ladan tou konfòmite anviwònmanal nan kad 24 CFR Pati 58. DEO gen anplwaye aktyèlman la ki pral sipèvize konfòmite anviwònmanal la. Anplis, y ap siplemante anplwaye aktyèl yo avèk vandè ekstèn y ap jwenn pa mwayen demann konpetitif.

Pwogram kontwòl Retablisman apre Katastwòf DEO a gen ladan kontwòl biwo, ak kontwòl sou tèren avèk priorite ak frekans k ap baze sou rezilta evalyasyon risk chak soubenefisyè yo. Objektif evalyasyon risk la se pou defini anplè ak konsantrasyon efò kontwòl yo, ki gen ladan tabli yon kad pou detèmine nivo kontwòl apwopriye ki koresponn ak resous ki disponib yo. Anplis, y ap egzije yo fè evalyasyon risk la chak ane fiskal eta a pou garanti yo kontinye revize risk yo. Kontwòl DEO a ap baze sou kritè ki konfòm ak gid HUD yo nan pwosesis evalyasyon risk pwogram lan. Evalyasyon risk la ofri baz pou devlope estrateji kontwòl endividyèl epi dokimante desizyon ak rekòmandasyon konsènan kote pou yo aplike resous anplwaye ak vwayaj yo nan kad kontwòl, fòmasyon, ak/oswa asistans teknik.

Komisè Kont Jeneral Florid la ak anplwaye l yo pral aji kòm kontwòlè endepandan eta a epi y ap responsab pou yo mennen verifikasyon finansyè pou kont ak dosye ajans eta a yo. Kote sa aplikab, politik ak pwosedi kontablite DEO yo dwe reflète egzijans Biwo Komisè Kont Jeneral la.

Eta Florid devwe nan efò prevansyon fwòd, gaspiyaj, ak abi. Biwo Enspektè Jeneral DEO a ap sèvi kòm komisè kont entèn pou DEO. Vandè ekstèn y ap chache jwenn pa mwayen demann konpetitif yo ka sipòte nan kad fonksyon verifikasyon entèn ki asosye ak finansman pou Retablisman apre Katastwòf la. Y ap pran tout ka fwòd yo sispèk oserye epi y ap rapòte plent yo bay Biwo Enspektè Jeneral DEO a nan OIG@deo.myflorida.com oswa [1-855-456-0650](tel:1-855-456-0650). Si Biwo Enspektè Jeneral la gen motif rezonab pou yo kwè ke te gen yon vyolasyon lwa kriminel, Biwo a pral rapòte konklizyon sa bay ajans fòs lapolis apwopriye a byen rapid.

4. Detay sou Pwogram lan

Housing Activities

Bezwen lojman ki pa satisfè nan Florid akòz Ouragan Irma a plis pase kantite lajan ki disponib pou asistans lojman. Avi federal (FR-6109-N-01) egzije pou eta a konsidere ak reponn a bezwen lojman ki pa satisfè yo an premye lye. Pou reponn a bezwen sa yo, DEO pwopoze pwogram ki annapre yo ke y ap dekri an plis detay pi ba la:

- Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an
- Pwogram Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab la
- Pwogram Acha Teren pou Lwaye Abòdab pou Mendèv la
- Pwogram Reyachte Kay Volontè a

HUD egzije DEO pou yo defini kisa ki dwe konstitiye yon inite lojman ki “pa apwopriye pou reyabilitasyon.” DEO defini lojman ki “pa apwopriye pou reyabilitasyon” kòm youn nan de definisyon ki annapre yo:

1. Pwopriyete rezidansyèl ki te sibi plizyè pèt repetitif yo dapre Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal (NFIP) FEMA a.
2. Yo pa dwe jije kay yo konsidere ki nan move kondisyon epi ki pa satisfè nòm reyabilitasyon lojman pwogram retablisman an yo ak/oswa egzijans kòd federal, eta, oswa lokal yo kòm kay ki apwopriye pou reyabilitasyon, jan pwogram lan te detèmine epi konfòmeman ak direktiv pwogram lan yo. Yon estrikti pa apwopriye pou reyabilitasyon si pri reparasyon an derezonab dapre nòm pwogram lan yo jan yo presize nan Direktiv Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman pou Lojman Inifamilyal yo ak Pwopriyete Alwe yo.

A mezi DEO ap idantifye sit pwojè yo ak konte yo ak kominote yo, DEO pral kowòdone efò ak VOAD yo (Òganizasyon Volontè ki Aktif Lè Katastwòf yo) ak lòt Ajans ki Bay Konsèy sou Lojman yo (HCA) pou ofri plis sipò ak sèvis selon bezwen mèt kay yo ak lokatè yo. DEO pral asire sansibilizasyon ak HCA yo pou asire nenpòt moun ki bezwen asistans ka jwenn asistans.

Verifikasyon Pri

Antanke yon benefisyè fon federal, DEO responsab pou yo asire ke aktivite yo nan yon pri rezonab epi yo nesèsè. Pwopriyete yo estime pri pou reparasyon ak/oswa elevasyon ki satisfè oswa depase 75% rekonstriksyon oswa ranplasman lojman konparab jan pwosedi ak politik eksplwatasyon nòmalize yo pral ofri mèt kay yo opsyon pou yo chwazi yon lojman yo rekonstwi oswa yo ranplase. Pwopriyete yo estime pri pou reparasyon ak/oswa elevasyon ki satisfè oswa depase yon rekonstriksyon oswa ranplasman lojman konparab pral limite a rekonstriksyon oswa ranplasman kòm yon opsyon pri ki pi rezonab. Sitiyasyon kote y ap egzije ranplasman, rekonstriksyon ak/oswa elevasyon yo gen ladan:

- Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay ke yo te deja demoli yo.
- Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay jiridiksyon lokal yo kondane yo (etikèt wouj yo).
- Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay ki poze danje estriktirèl oswa ki gen lòt kondisyon ki poze danje oswa ki rann li enposib pou anplwaye yo enspekte anndan yo.
- Jan yo preskri nan Plan Daksyon an, reparasyon yon Inite Lojman Mobil/Fabrike (MHU) ki gen plis pase 5 an ak/oswa ki gen kantite reparasyon Ouragan Irma te lakoz ki vo plis pase \$15,000 pa fezab epi yo jistifye.

DEO pral siveye ak prevwa obligasyon total fon sibvansyon yo pou chak aktivite yo pwopozè. A mezi valè total akò sibvansyon an prevwa pou nenpòt aktivite ap apwoche obligasyon konplè a, DEO pral analize konduit rès aplikan potansyèl ki elijib yo pou detèmine kantite bezwen ki rete pou yo satisfè pou aplikan yo mete an priyorite yo ak rès fon disponib ki rete pou sèvi aplikan sa yo. DEO ka chwazi pou mete rès aplikan yo annatan jiskaske yo konplètman trete dosye aplikan ki nan fwaye yo mete kòm priyorite yo epi satisfè pifò bezwen yo. A mezi aplikasyon pwogram lan yo sou kontwòl, DEO ka chwazi pou yo ajiste pousantaj finansman an oswa atribiye plis finansman k ap soti nan lòt pwogram ki gen mwens pwodiksyon yo pou maksimize asistans pou aplikan priyorite elijib k ap chache asistans yo.

Inisyativ Pilòt pou Reparasyon Lojman an

DEO pral antreprann yon inisyativ pilòt pou egzamine ekonomi tan ak depans adisyonèl potansyèl yo ki ka rive akòz yon modèl tretman anmenmtan olye yon modèl tretman lineyè.

Inisyativ Pilòt la se yon modèl pou idantifye yon kòwòt premye moun ki te enskri nan chak zòn ki te afekte ke yo ka obsève delibereman pa mwayen pwosesis konplè HRRP a pou yo idantifye ak rezoud pwoblèm yo avan pifò aplikan yo antre nan pwosesis konplè a. Obsèvan etwat kòwòt pilòt la vize teste premye konsepsyon pwosesis la epi pwodui desizyon enfòmè pou amelyore efikasite pandan rès popilasyon aplikan an antre nan dewoulman travay la.

Y ap trete kòwòt pilòt la anmenmtan pou revizyon aplikasyon, elijiblité, evalyasyon dega ak revizyon anviwònmantral la avan etap fezabilite, avantaj doub ak atribisyon sibvansyon yo. Y ap otorize pwosesis anmenmtan pou travay sa yo kòm pri reyalizasyon aktivite pou gwoup pilòt la.

Pwosesis siveyans doub sa a k ap lakoz yo idantifye aplikasyon yo swa kòm eleman Inisyativ Pilòt oswa ki pa pilòt pral kontribiye nan kapasite DEO pou l fè tès sou pwogram lan nan tan reyèl. Kòwòt pilòt yo idantifye a p ap gen okenn efè sou pwogrè lòt aplikan yo pandan pwosesis la. Y ap ka abòde ak rezoud nenpòt pwoblèm ke DEO jwenn pou yo asire tretman pifò aplikasyon yo, aplikasyon ki gen difikilte mwayèn ak sila ki pi konplike yo byen fèt.

Y ap trete premye moun ki enskri ki pa nan gwoup pilòt la pandan dosye Inisyativ Pilòt yo ap avanse nan sistèm lan anmenmtan tou. Toutfwa, aplikan ki pa nan gwoup pilòt la yo pral swiv pakou pwosesis lineyè a ki mande pou yo fin ranpli aplikasyon an avan premye revizyon elijiblité a, otorizasyon revizyon elijiblité a avan evalyasyon dega yo, otorizasyon evalyasyon dega yo avan revizyon anviwònmantral la, otorizasyon revizyon anviwònmantral la avan fezabilite, avantaj doub ak atribisyon sibvansyon an.

Inisyativ pilòt la vize kalibre avantaj yo epi idantifye pwoblèm ki asosye ak yon metòd pwosesis anmenmtan. Li pral sipòte yon analiz sou si se modèl lineyè a ki pi konsèvatè a, modèl anmenmtan, oswa yon melanj ant de pwosesis yo ki pral ofri pi bon rezilta pou Depatman Opòtinite Ekonomik lan (DEO) ak sitwayen nou yo Irma te afekte yo.

Pwosesis Seleksyon pou Inisyativ Pilòt la

Nan premye faz enskripsyon aplikan an, y ap chwazi yon gwoup aplikan owaza pami gwoup envitasyon 1ye Priyorite a baze sou karakteristik pwopriyete yo. DEO pral trete aplikan sa yo nan yon fason kote y ap tame etap pou yo fin ranpli aplikasyon an, premye faz elijiblité a, evalyasyon dega yo ak revizyon anviwònmantral yo anmenmtan. Rès popilasyon 1ye Priyorite a pral kontinye pwosesis nòmal la swivan modèl lineyè a, ki pral egzije pou yo konplete chak etap avan kòmansman pwochen etap la. Sa pral pèmèt DEO mentni konfòmite akpwogramasyon priyòrizasyon yo te tabli a, jan yo preskri nan Plan Daksyon an, pandan y ap teste opsyon altènativ ki ka lakoz yo redui kantite tan global tretman dosye yo dire.

Plan Daksyon pou Retablisman Apre Katastwòf Eta Florid la

Kondisyon ak sipozisyon tabli yo ki fondamantal pou tès premye kòwòt la:

- Se sèlman moun ki enskri nan lye Priyorite yo te chwazi owaza pou Kòwòt Pilòt la
- Moun ki enskri ki motive yo pral ranpli aplikasyon yo bonè
- VOAD yo idantifye onivo lokal yo pral ede aplikan yo akselere finisman yo

Kritè pou depistaj Kòwòt la:

- Yo dwe soti nan 10 konte oswa 4 Kòd Postal orijinal yo (Tier 1 ERR konplè)
- Avantaj asirans \$0, FEMA \$1-15000, SBA \$0, NFIP \$0
- Yo pa dwe sitiye nan plèn inondab
- Kay yo te konstwi apre 1978
- Pa gen Lèt Dega Sibstansyèl/Pa gen lèt kondanasyon (ajoute nan seksyon dega aplikasyon an)
- Pwogram reparasyon an

Sèl kritè depistaj y ap itilize pou kòwòt pilòt la se sila yo ki nan lis anwo a. Yo pa te itilize okenn lòt karakteristik pwopriyete a oswa aplikan an pou depistaj nan kad seleksyon pilòt la. Yo te mete kay ki gen aplikan ki se mèt kay k ap viv ladan yo ansanm ak aplikan ki se lokatè yo nan depistaj la. Yo te chwazi ID moun ki enskri/aplikan yo owaza depi yo te satisfè kritè yo dekri anwo yo, sa ki te mentni entegrite egzijans priyorizasyon ki dekri nan Plan Daksyon sa a.

Finisman sibstansyèl revizyon anviwònmantral aplikasyon gwoup pilòt la ak soumasyon dokiman revizyon an bay Depatman Opòtinite Ekonomik lan ap defini delè pwojè Pilòt Aplikasyon an.

Baz Kalkil Prim Sibvansyon Asistans Lojman yo

Si yon aplikan elijib epi yo atribiye sibvansyon ba li, yo ka baze kalkil prim sibvansyon pou asistans lojman yo sou faktè ki annapre yo:

1. Pou yo ka asire ke depans pou montan asistans lojman yo rezonab, kantite montan maksimòm asistans CDBG-DR ki disponib pou yon sèl inite lojman nan kad Pwogram Reparasyon Lojman an se \$150,000. Nan ka kote aplikan yo ka demontre yo gen difikilte oswa mache lojman lokal la jistifye yon ogmantasyon limit lan, DEO a pral bay otorizasyon pou pwojè yo ki depase limit pwogram lan kontinye. Y ap detèmine opsyon sa a selon ka a. Yo ka depase limit pwogram lan tou pou ofri finansman pou reparasyon difisil oswa sanzatan odela limit finansman lojman an, lè DEO jije depans yo nesèsè ak rezonab.
2. Yon revizyon tout finansman aplikan an te resevwa ki soti nan nenpòt sous pou kalkile kantite asistans total aplikan an te resevwa epi asire pa gen Avantaj Doub (DOB);
3. Dega/anplè travay pwojè a bezwen; ak,
4. Pri Rekonstriksyon oswa Ranplasman an

Y ap detèmine prim sibvansyon pou asistans lojman yo lè yo konsidere avi ki nan lis anwo a yo an premye lye epi apres a retire nenpòt avantaj doub oswa diferans konpansasyon kalifye pou reparasyon elijib yo te deja fè yo. Epi apres a y ap aplike montan asistans pwogram yo detèmine alavans lan. Yo ka bezwen itilize fon yo kalifye kòm DOB yo pou sipòte asistans konstriksyon global yo bay yo. Prim sibvansyon yo ka gen ladan depans pou pri siplemantè asosye yo tankou egzijans konstriksyon ak atenyasyon ekolojik yo, elevasyon, asirans, chanjman ADA yo, reparasyon oswa ranplasman sistèm dlo, egou ak bezwen koneksyon sèvis piblik yo.

Mezi ak amelyorasyon pou rann enèji vin nan pri abòdab k ap satisfè zonaj ak kòd lokal la, nòm pou lojman Desan, Sekirite ak Sanite a (DSS) oswa Nòm Kalite Lojman (HQS) obligatwa yo, espesyalman amelyorasyon ki ajoute